

# Kuzvarwa kwajesu kunoziviswa

Mateo 1:18-25

*Mutumwa anozviratidza kuna Josefa*

Uku ndiko kuberekwa kwakaitwa Jesu Kristu: Maria, mai vake vainge vatsidzirwa kuroorwa naJosefa, asi vasati vagara vose, achiri mhandara, akaonekwa ava napamuviri nokuda kwaMweya Mutsvene. 19 Asi nokuda kwokuti Josefa akanga ari munhu akarurama akafunga zvokumuramba chinyararire, asingamunyadzisi pavazhinji.

20 Asi achiri kufunga nezvenyaya iyi, mutumwa walshe akauya kwaari mukurota akasvikoti, “Josefa, mwana waDhavidhi, usatya kutora Maria somukadzi wako nokuti pamuviri paava napo akapabata nokuda kwesimba raMweya Mutsvene. 21 Achava nomwana mukomana wauchazotumidza zita rokuti Jesu nokuti ndiye achaponesa vanhu vake kubva muzvivi zvavo.”

22 Izvi zvose zvakaitika kuti zvizadzise zvakanga zvataurwa nalshe kubudikidza navaprofita vake zvokuti: 23 “Mhandara ichava napamuviri, igozvara mwana mukomana, uye vachamutumidza zita rokuti Emanueri, zvichireva kuti, ‘Mwari anesu.’”

24 Josefa paakapepuka, akaita sezvaakanga arayirwa nomutumwa walshe, uye akatora Maria somukadzi wake, 25 asi haana kusangana naye kusvikira azvara mwana mukomana. Akamutumidza zita rokuti Jesu.



**Tazvarirwa Mwana, tapiwa Mwanakomana.  
Muprofita Isaya 9:6**

## Ruka 1: 26-38

*Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa*

**Mumwedzi wechitanhatu, Mwari akatuma mutumwa Gabhurieri kuNazareta, guta riri muGarirea, 27 kumhandara yakanga yatsidzira kuwanikwa nomurume ainzi Josefa, chizvarwa chaDhavidhi. Zita remhandara iyi rainzi Maria.**

**28 Mutumwa akasvika kwaari akati, “Kwaziwa, iwe wakanzirwa nyasha zvikuru! Ishe anewe.”**

**29 Maria akatambudzika zvikuru namashoko ake uye akashamiswa kuti kukwazisa kwakadai ndekworudzii.**

**30 Asi mutumwa akati kwaari, “Usatya, Maria, iwe wanzirwa nyasha naMwari. 31 Uchava nomwana uye uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rokuti Jesu. 32 Iye achava mukuru uye achanzi Mwanakomana woWokumusoro-soro. Ishe Mwari achamupa chigaro choushe chababa vake Dhavidhi, 33 uye achatonga pamusoro peimba yaJakobho nokusingaperi; umambo hwake hahungatongogumi.”**

**34 Maria akabvunza mutumwa akati, “Ko, izvi zvichaitika seiko sezvo ini ndiri mhandara?”**

**35 Mutumwa akapindura achiti, “Mweya Mutsvene achauya pamusoro pako, uye simba roWokumusoro-soro richakufukidza. Saka mutsvene achazvarwa achanzi Mwanakomana waMwari. 36 Kunyange hama yako Erizabheti achava nomwana pamazuva okukwegura kwake, uye mwedzi uno ndowechitanhatu kuna iye ainzi asingabereki. 37 Nokuti hakuna chinhu chisingagonekwi naMwari.”**

**38 Maria akati, “Ini ndiri muranda waShe. Ngazviitike hazvo kwandiri sezvamareva.” Ipapo mutumwa akabva paari.**

*(Verengawo Muprofita Isaya 7:14 NaMuprofita Mika 5:12)*

# Kuzadziswa kwechiprofita chokuberekwa kwajesu

Nokuda kwekuti Adhamu naEvha vakawira muchivi, Mwari akavimbisa Muponesi kunyika.

**1. Verenga chivimbiso chakapiwa naMwari.** ~ *Ndichaisa ruvengo pakati pako nomukadzi, uye napakati pevana vako nevana vake; Iye achakuvadza musoro wako newe uchakuwadza chitsitsinho chetsoka Yake.*

a. Ko Mwari aitaura nani paakapa chivimbiso ichi? (*nyoka*) Ko ndiani ‘aizokuvadza musoro wake’? (*Jesu*) Ko chitsitsinho chetsoka yaJesu chaizokuvadzwa sei? (*Aizoroverwa pamuchinjikwa nokuda kwezvi zvedu.*)

b. Zvivimbiso zvakaitwa zviuru nezviuru zvamakore Jesu asati auya zvakanyatso zadziswa munajesu. Ko Jesu anotii pamusoro pazvo? ~ *Akati kwavari, “Izvi ndizvo zvandaikuudzai ndichinemini kuti: Zvinhu zvose zvakanyorwa pamusoro pangu muMurayiro waMozisi, naVaprofita nomuMapisarema zvinofanira kuzadziswa.” Ruka 24:44*

**2. Muprofita Isaya akagara ataura pamusoro perungano reruponeso kwemakore anopfuura mazana manomwe Jesu asati aberekwa, kufa nokumuka kuvali. Kuzadziswa kwezvivimbiso izvi nezviprofita zvizhinji, kunosimbisa kuti Jesu ndiye aizosunungura nyika kubva muzvivi.**

a. Muprofita Isaya anoti kudii pamusoro pekuberekwa kwajesu?  
*Nokuti tazvarirwa mwana, takapiwa Mwanakomana; chigaro chokutonga chichava pamafudzi ake,zita rake uchanzi Unoshamisa, Gota, Mwari wamasimba ose, Baba vokusingaperi, Muchinda werugare. Muprofita Isaya 9:6*

**3. Vatumwa vakaita basa guru rokuzivisa zvekuberekwa kwajesu naJohane uyo akagadzirira kuuya kweMuponesi. Ndivanani vakagamuchira zviziviso zvinokosha izvi?**

**Zekaria:** *Asi mutumwa akati kwaari, “Usatya, Zekaria; munyengetero wako wanzwikwa. Mukadzi wako Erizabheti achakuberekera mwanakomana, uye unofanira kumutumidza zita rokuti Johani. Ruka 1:13*

**Maria:** *Asi mutumwa akati kwaari, “Usatya, Maria, iwe wanzwirwa nyasha naMwari. 31Uchava nomwana uye uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rokuti Jesu. Ruka 1:30-31*

**Josefa:** “*Josefa, mwana waDhavidhi, usatya kutora Maria somukadzi wako nokuti pamuviri paava napo akapabata nokuda kwesimba raMweya Mutsvene.* Mateo 1:20

**Asi mutumwa akati kwavari:** “*Musatya. Ndauya nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru uchava wavanhu vose.* Ruka 2:10

- a. **Ndechipi chinhu chokutanga mutumwa chaanoudza munhu mumwe nomumwe?** (*Usatya.*)
- b. **Mundima dzinotevera vanhu ava vanorumbidza Mwari nokuda kwechivimbiso nokuzadziswa kwacho.**

**4. Vafudzi nevachenjeri vekumabvazuva ndivo vakava vokutanga kundoshanyira Mwana Jesu.**

- a. **Vakaitei mushure mokuona Jesu?**

**The Shepherds:** *Vakati vamuona, vakaparadzira shoko maererano nevakanga zvataurwa pamusoro pomwana uyu, 18 uye vose vakazvinzwa vakashamiswa nezvakataurirwa navafudzi. 20 Vafudzi vakadzokera vachikudza nokurumbidza Mwari pamusoro pezvinhu zvose zvakanga vanzwa uye zvakangoita sezvakanga vataurirwa.* Ruka 2:17, 18, 20

**The Wisemen:** *Pavakaona nyeredzi, vakafara kwazvo. 11 Vakati vasvika pamba apa, vakaona mwana namai vake Maria, uye vakakotamira pasi vakamunamata. Vakasunungura pfuma yavo vakapa zvipo zvegoridhe, nezvinonhuwira nemura.* Mateo 2:10-11

- b. **Sezvakaitwa nevarume navakadzi ava, nesuwo tinokokerwa kuti timunamate. Takafanira kuitei nechivimbiso chokuya kwaJesu muupenyu hwedu? ~ kuna iye oga Mwari akachenjera ngakuve nokubwinya nokusingaperi kubudikidza naJesu Kristu.** Varoma 16:27

**5. Sei uchifunga kuti zviprofita zveTestamente Yakare nokuzadziswa kwazvo muTestamente Itsva zvinokosha mukutenda kwako.**